

Kisa k ap pase apre w fin ranpli sondaj sa?



Repons endividyèl yo rete konfidansyèl.



Yo enkli yon rezime pou repons tout fanmi yo nan yon rapò anyèl. Yo pa enkli okenn non oswa enfòmasyon ki kapap idantifye yo.



Yo itilize rapò sa a pou ede amelyore Pwogram nan.



Tanpri note...



Sondaj la pa ta dwe pran plis pase 10 minit pou ranpli.



Ranpli sondaj ou a sou papye oswa yon fason elektwonik.



Sondaj la disponib nan sis lang.

Pou jwenn èd pou sondaj ou a, kontakte Biwo pou Entèvansyon Bonè (Bureau of Early Intervention) a

Depatman Sante Eta New York
(New York State Department of Health) la
Biwo pou Entèvansyon Bonè
(518) 473-7016

beipub@health.ny.gov

health.ny.gov/EarlyIntervention

19541
(Haitian Creole)



Department
of Health

10/22

Mèsi dèske w pataje opinyon w pou amelyore EIP a pou tout timoun ak fanmi yo!

Sondaj sou Rezilta Ekperyans Fanmi Fè

Pataje ekperyans fanmi w!



Department
of Health

Bureau of
Early Intervention

Poukisa EIP a bezwen patisipasyon fanmi yo?

Fanmi yo gen enfòmasyon ki enpòtan anpil pou yo pataje sou fason sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè (Early Intervention Program, EIP) yo ede pitit yo ak fanmi yo. Lè nou tande kòmantè fanmi yo fè, sa montre nou ki kote nou kapab fè chanjman pou nou pi byen sipòte yo.



Nan fen patisipasyon w nan Pwogram nan, nou espere ke w...

- Konnen dwa pitit ou ak fanmi w konsènan sèvis EIP yo.
- Konnen kijan pou w kominike yon fason ki pi efikas avèk moun k ap travay ak pitit ou a epi ak fanmi w.
- Konprann bezwen espesyal pitit ou a.

Poukisa nou bezwen èd ou?



Ane pase a, **nou te resevwa sèlman 14% nan sondaj yo**, ki vle di ke nou pat tande opinyon 86% nan fanmi yo!

Nou vle asire n ke opinyon tout fanmi yo reprezante!

Kijan ou ka ede?



Tanpri ranpli sondaj toukout nou an epi di nou kisa nou fè ki byen epi kijan nou ka pi byen sèvi tout fanmi.

Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd pou sondaj ou a, rele 518-473-7016.